

Fason pou Ede Bebe a Chanje pou Bwè yon Nouvo Lèt Bebe

Pifò bebe chanje pou
sispann bwè yon mak
lèt bebe pou bwè yon
lèt san okenn pwoblèm.



Sa ou kapab espere...

**Li komen pou wè plis
krache oswa chanjman nan
poupou bebe ou Sa rive tou
lè bebe yo kòmanse manje
sa ki solid. Ou ta ka wè:**

- Koulè poupou a ka vin enpe pi vèt oswa mawon
- Teksti poupou a ka enpe pi lach oswa pi fèm
- Chanjman nan kantite fwa bebe ou poupou
- Plis gaz pandan kèk jou. Sa kapab fè bebe a vin ajite oswa li kapab chanje abitud dòmi li.



Gen kèk bebe ki ka pran plis tan pou yo abitye ak yon nouvo mak lèt bebe.

Bebe ki pi gran yo ka remake yon gou oswa yon sant diferan. Yo ka vire tèt yo oswa refize bibwon an. Li ka pran apeprè yon semèn pou bebe ou abitye avèk gou yon nouvo lèt bebe. Sa a komen.

Pale avèk founisè swen sante ou si ou gen kesyon oswa si ou panse li difisil pou bebe ou adapte ak yon nouvo mak lèt bebe.



**Tout mak lèt bebe
abaz lèt gen eleman
nitritif sanblab
menmsi engredyan
yo jan diferan enpe.**

Pou mwen fè si mwen toujou genyennan ansyen mak lèt bebe a?


Sèvi ak nouvo lèt bebe a apre ou fin itilize ansyen lèt la bebe a. Verifye li pa ekspire. Ou pa bezwen melanje lèt bebe yo. Si ou gen yon ansyen lèt bebe epi ou vle chanje li dousman, swiv etap anba yo:




F Lèt bebe Anpoud

Prepare yon bibwon 4 oz avèk ansyen ak nouvo lèt bebe anpoud yo:


1. Mete 4 oz dlo nan yon bibwon.



2. Sèvi avèk kiyè ki nan bwat la. Ajoute 1 kiyè **ansyen** lèt bebe a.



- 3.** Sèvi avèk kiyè ki nan bwat la. Ajoute 1 kiyè **nouvo** lèt la.



- 4.** Melanje byen.




- 5.** Sèvi ak lèt anpoud ki prepare anvan **24 èdtan**. Kontinye melanje konsa pandan kèk jou oswa jiskaske ansyen lèt bebe a fini.




Kounye a ou pare pou chanje nèt pou bay bebe a sou nouvo lèt la Swiv enstwiksyon yo i ki sou etikèt la pou fè melanj lan pou **nouvo** lèt anpoud bebe a.

Konsèy pou bibwon 2 oz yo: Pran bibwon 4 oz melanje a epi vide linan de bibwon apa. Mete youn nan frijidè a pou pwochèn fwa w ap bay bebe a bwè lèt.




Lèt bebe an Likid Konsantre

Prepare 1 bwat ansyen lèt bebe ak 1 bwat nouvo lèt bebe selon enstwiksyon ki sou bwat yo.



Fè yon bibwon 4 oz avèk ansyen ak nouvo lèt bebe ki prepare:

- 1.** Vide 2 oz **ansyen** lèt bebe ki te prepare a nan yon bibwon pwòp.
- 2.** Ajoute 2 oz **nouvo** lèt bebe ki prepare a nan menm bibwon an.



- 3.** Melanje byen.



- 4.** Sèvi avèk lèt bebe ki prepare a anvan **48 èdtan**. Kontinye melanje ansyen lèt bebe a ak nouvo lèt la pandan kèk jou oswa jiskaske ansyen lèt la fini.



Kounye a ou pare pou chanje nèt abay bebe ou nouvo lèt la. Swiv enstriksyon melanj ki sou etikèt la pou **nouvo** lèt bebe konsantre a.

Li dokiman ki bay anpil
enfòmasyon **When You
Feed Me Formula** la pou
jwenn plis enfòmasyon 
sou fason pou prepare,
konsève epi bay
bebe ou bwè lèt.





WIC bay sèvis sipò pou bay bebe manje ak tete pou tout fanmi yo. Aprann plis bagay sou **fason pou bay bebe ou manje** sou sitwèb **MyFamily.WIC.ca.gov** oswa kontakte biwo WIC lokal ou.



California Department of Public Health, California WIC program

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egalego.

1-800-852-5770 | MyFamily.WIC.ca.gov

(Haitian Creole) 04/25